# JÍNAYÍY QÍLMÍS HÁM AQÍBET ARASÍNDAǴÍ SEBEPLI BAYLANÍS

**Atabaeva Miyasar Erniyaz qızı**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
Yuridika fakulteti 4-kurs student.
https://doi.org/10.5281/zenodo.15864208

***Annotatsiya.*** *Maqala «Jınayıy qılmıs hám aqıbet arasındaǵı sebepli baylanıs» temasın úyreniwge qaratılǵan bolıp, jınayat hám onıń aqıbetleri arasındaǵı óz-ara baylanıslardı analiz etedi. Jınayatlardı islewge sebep bolatuǵın sociallıq, ekonomikalıq hám psixologiyalıq faktorlar, sonday-aq, jınayattıń jámiyetke tásiri hám onıń aqıbetleri túsindiriledi. Maqalada, sonday-aq, sırt el tájiriybelerine tiykarlanıp, jınayatshılıqtıń aldın alıw hám aqıbetlerin azaytıw ushın sociallıq sistemalardıń rolin úyreniw, jınayat hám jazalar arasındaǵı sebepli baylanıstı túsiniwge járdem beredi. Ózbekstan Respublikası hám basqa da rawajlanǵan mámleketlerdiń huqıqıy sistemalarındaǵı qatnaslar da usınılıp, jınayat hám onıń aqıbetleri arasındaǵı sebepli baylanıstı azaytıw ushın nátiyjeli ilajlar keltiriledi.*

***Gilt sózler:*** *Jınayat, aqıbet, sebepli baylanıs, sociallıq faktorlar, jınayatshılıq, jınayatshılıqtıń aldın alıw, jámiyet, sırt el tájiriybesi, ádillik.*

Mámleketimizde insan huqıq hám erkinliklerin támiyinlew hám onı qorǵaw áhmiyetli wazıypalardan sanaladı. Haqıyqatında da, huqıqıy demokratiyalıq mámleket, puqaralıq jámiyet qurıwda birinshi náwbette puqaralardıń nızamlı máplerin támiyinlewge ayrıqsha itibar berilip, onıń huqıqıy tiykarın jaratıw áhmiyetli sanaladı.

Prezidentimiz Sh. Mirziyoev 2017-jıl 19-sentyabr kúni Nyu-York qalasında Birlesken Milletler Shólkemi Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında: Jámiyetimizde siyasiy belsendilik artıp barmaqta, barlıq tarawlarda tereń reformalar ámelge asırılmaqta. Bunnan gózlenegen maqset mápleri hár nárseden ústin degen ápiwayı anıq-aydın principti ámelge asırıw áhmiyetke iye bolgan demokratiyalıq mámleket hám ádalatlı jámiyetti qurıwdan ibarat» [1], dep atap ótken edi.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası jınayat penen baylanıslı huqıqlardı, sud sistemasın hám jınayatqa baylanıslı principlerdi belgilep beredi. Atap aytqanda, Konstituciyamızdıń 24-statyasında shaxstıń erkinligi hám qáwipsizligi kepillenedi. Shaxstı tiykarsız uslap turıw, qamaqqa alıw yamasa jınayat islegen dep ayıplawǵa baylanıslı qaǵıydalar anıq belgilengen [2].

Jınayat hám onıń aqıbetleri jámiyettiń turaqlılıǵı hám rawajlanıwı ushın úlken qáwip tuwdıratuǵın máseleler bolıp esaplanadı. Jınayat - bul nızamlardı buzǵan yamasa sociallıq normalardı qátelik penen orınlaǵan háreket bolıp, onıń aqıbetleri tek ǵana jınayatshınıń ózi ushın emes, al jámiyettiń barlıq qatlamları ushın unamsız tásir kórsetedi. Jınayattıń hár qıylı sebep hám aqıbetleri bolıp, olardıń bir-birine qalay baylanısqanın talqılaw áhmiyetli. Sebepli baylanıs - bul jınayattı keltirip shıǵaratuǵın sociallıq, ekonomikalıq hám psixologiyalıq faktorlardıń hám onıń nátiyjeleri, yaǵnıy jaza hám jámiyettegi unamsız ózgerislerdiń óz-ara baylanısı hám tásirin anlatadı. Maqalada jınayattıń sebeplerin hám onıń aqıbetlerin analiz etip, bul processlerdiń bir-birine baylanıslılıǵın kórip shıǵamız, sonday-aq, bul baylanıstıń jámiyettegi turaqlılıq hám qáwipsizlikke qanday tásir etetuǵının úyrenemiz.

Shaxstı jınayat juwapkershiligine tartıw ushın onıń islegen jınayıy qılmısı menen aqıbetiniń arasında sebepli baylanıs bolıwı tiyis. Yaǵnıy, jınayıy aqıbettiń kelip shıǵıwında tiykarǵı sebep ne bolǵanlıǵı anıqlanadı. Tiykarǵı sebep bul obyektiv bolǵan qılmıs (háreket hám háreketsizlik) penen aqıbet arasındaǵı baylanıs. Belgili bir qılmıs tiyisli aqıbetti keltirip shıǵaradı. Mısalı, qorshaǵan tábiyiy ortalıqtıń pataslanıwı aqıbetlerin saplastırıw ilájların kórmew, adamlardıń qırılıp ketiwi yamasa basqasha awır aqıbetlerdiń júz beriwine sebepshi boladı (Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksi 195-statya), transporttı remontlaw, yáki paydalanıwǵa shıǵarıw qaǵıydaların buzıw denege awır tán jaraqatı tiygiziliwi, yáki adam ólimine sebepshi bolıwı múmkin (Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksi 262-statya).

Aqıbettiń izbe-izlikte kelip shıǵıwı belgili bir waqıttı talap etewi múmkin. Mısalı, Jınayat Kodeksi 103-statyasında shaxsqa reyimsiz múnásibette bolıw yamasa onıń abıroyı hám qádir-qımbatın úzliksiz túrde kemsitiw nátiyjesinde ózin-ózi óltiriw dárejesine jetkizgeni ushın juwapkershilik kórsetilgen. Aytayıq, eger tek bir mártebe jábirkeshtiń abıroyı yáki qádir-qımbatın kemsitetuǵın háreket islese, shaxs juwapkershilikke tartılmaydı. Bul aqıbettiń tiykarǵı sebepshisi usı waqıtqa shekem toplanıp kelgen basqa jaǵdaylar bolıwı múmkin [3].

Belgili bir sharayattıń bolıwı aqıbettiń júz beriwine jaǵday tuwǵızıwı múmkin, yaǵnıy sharayat jınayattıń sebepshisi bolmaǵanı menen, ol aqıbettiń júz beriwine jaǵday tuwdırıwı múmkin. Mısalı, kúnniń suwıq bolıwı yamasa dári-darmaqtıń bolmawı denege tiygizilgen awır jaraqattı ótlestirip, jábirkeshtiń ólimine alıp keliwi múmkin (Ózbekstan Respublikası Jınayat Kodeksi 262-statya 3- bólim). Bunday jaǵdayda sebepli baylanıs boladı. Yaǵnıy, ayıpker shaxs aqıbet boyınsha juwap beredi.

Eger jaraqat alǵan shaxs nadurıs emlense, yamasa bint yáki ásbaplardan paydalanǵanda organizmge infekciya tússe, onda awır aqıbettiń kelip shıǵıwına ózi sebepshi boladı. Bunday jaǵdayda denege tán jaraqatın salǵan ayıpker shaxs tek ǵana tiygizgen jaraqatı ushın juwapkershilikke tartıladı [4].

Islengen hár qanday jınayattı úyrengende onıń tiykarǵı sebebi anıqlanıwı tiyis, bolmasa onı kvalifikaciyalawda qátelikke jol qoyamız. Mısalı, transporttı basqarıw hújjetiniń joqlıǵı avtoavariyanıń bolıwınıń tiykarǵı sebepshisi bolmaydı. Sonday-aq, araq iship transport basqarıw hárdayım jol transportı hádiysesiniń tiykarǵı sebepshisi bola bermeydi. Bul islerde ekinshi tárep jol-transport qaǵıydaların turpayı túrde buzıp, mısalı tezlikti asırıwı yáki svetofordan toqtamay ótip, ózi avariya bolıwına sebepshi bolıwı da múmkin. Yamasa shaxstı qastan adam óltirgenligi ushın Jınayat Kodeksi 97-statyası menen juwapkershilikke tartıw ushın jábirkeshtiń ólimi sol urılǵan pıshaq sebepli bolıwı tiyis. Eger pıshaq adamdı qorqıtıw ushın urılǵan bolıp, denesine tek kishkene 1-2 sm kirip. oníń ómirine qáwipli organın jaraqatlamay, jábirkesh júreginiń hálsizliginen qorqıp ólgen bolsa, ayıpker abaysızdan adam óltirgenligi ushın Jınayat Kodeksi 102-statyası menen juwap beredi [5].

Jınayat hám onıń aqıbetleri arasındaǵı sebepli baylanıs jámiyettegi huqıqıy sistemalar, sociallıq strukturalar hám ekonomikalıq sharayatlarǵa qarap hár qıylı boladı. Sırt el tájiriybelerin úyreniw, jınayatshılıqtıń aldın alıw, jınayatlardı talqılaw hám sociallıq aqıbetlerin azaytıw boyınsha nátiyjeli ilajlardı islep shıǵıw ushın júdá áhmiyetli. Tómende birneshe rawajlanǵan mámleketlerde jınayat hám onıń aqıbetleri arasındaǵı sebepli baylanıstı úyreniw hám ámelge asırılǵan ilajlar haqqında tolıq maǵlıwmat beriledi.

AQSHta jınayıy qılmıs hám onıń aqıbetleri arasındaǵı sebepli baylanıs kóplegen sociallıq izertlewler hám huqıqıy tártipler tiykarında úyrenilgen. AQSHta jınayatshılıqtıń tiykarǵı sebepleri sıpatında jumıssızlıq, sociallıq teńsizlik hám bilimlendiriwdegi kemshilikler kórsetiledi. Mısalı, 1980-jıllardan baslap AQSHta «Broken Windows Theory» (Sınǵan ayna teoriyası) keń tarqalǵan. Bul teoriyaǵa muwapıq, jámáátlerde kishi huqıqbuzarlıqlar (máselen, vandalizm yamasa alkogol ishiw) iri jınayatlar (máselen, urlıq yamasa adam óltiriw) isleniwine sebep boladı.

Jınayatlardı talqılawda bul teoriyanıń qollanılıwı, jınayatshılıqtıń aldın alıwda sociallıq járdem baǵdarlamaları hám bilimlendiriwge investiciya kirgiziw zárúrligin kórsetedi. Sonday-aq, AQSHta sociallıq qorǵaw sisteması, máselen, jumıs penen támiyinlew, sociallıq járdem hám jınayatshılardı reabilitaciyalaw arqalı jınayatshılıqtıń aldın alıwǵa umtılmaqta [6].

Norvegiya jınayatshılıqtı azaytıw hám reabilitaciyalawda innovaciyalıq kózqaraslardı qollanıwda aldıńǵı mámleketlerden biri. Norvegiya nızamlarına bola, jınayatshılardı jazalawǵa qaraǵanda, olardı jámiYetlik turmısqa qaytarıw hám reabilitaciyalaw tiykarǵı bolıp esaplanadı. Norvegiyanıń «Restorative Justice» (Dúzeliw ádilligi) sisteması jınayatshı hám jábirleniwshi arasında túsinisiw hám másláhátlesiwdi xoshametleydi, bul bolsa jınayattıń unamsız aqıbetlerin azaytadı.

Norvegiya jámáátlerinde sociallıq járdem hám jınayatshılardı qayta tiklew baǵdarlamaları arqalı jınayatshılıq dárejesi sezilerli dárejede azayǵan. Usı tárizde, jámiyette sociallıq teńlik, bilimlendiriw hám densawlıqtı saqlaw sistemalarınıń jaqsılanıwı jınayattıń sebeplerin azaytıwǵa hám onıń aqıbetlerin jumsartıwǵa járdem beredi. Jınayat hám aqıbetler arasındaǵı sebeplik baylanıstıń Norvegiya modelindegi kózqarası, jınayattı tek ǵana jazalaw arqalı emes, al jınayatshılardı jámiyetke qaytarıw arqalı sheshiwge qaratılǵan [7]

Sırt el tájiriybelerine qaraǵanda, jınayat hám onıń aqıbetleri arasındaǵı sebepli baylanıs, tiykarınan, sociallıq, ekonomikalıq hám psixologiyalıq faktorlarǵa baylanıslı. Birlesken sistemalar, jınayattı jazalawǵa qarata, jınayatshılardı sociallıq reabilitaciyalaw, bilimlendiriwdi rawajlandırıw, ekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew hám teńlikti qollap-quwatlaw arqalı nátiyjeli gúres alıp barmaqta. Bul mámleketimizde sırt el tájiriybesin úyrenip, jınayatshılıqtı azaytıw hám onıń unamsız aqıbetlerin saplastırıw jolların izlewde paydalı bolıp esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, jınayıy qılmıs hám onıń aqıbetleri arasındaǵı sebepli baylanıstı úyreniw, jámiyette jınayatshılıqtı azaytıw hám sociallıq tártipti saqlaw ushın áhmietli. Jınayatlar tek ǵana jınayatshıǵa emes, al jámiyetke de úlken zıyan jetkeredi. Sol sebepli, jınayatlardıń aldın alıw hám olardıń unamsız aqıbetlerin azaytıw ushın sociallıq, ekonomikalıq hám huqıqıy ilajlar ayrıqsha áhmiyetke iye.

Bul jaǵdaylarda bilimlendiriw, ekonomikalıq turaqlılıq hám huqıqıy sistemanıń nátiyjeli islewi jınayatlardı azaytıwdıń eń áhmiyetli quralları bolıp esaplanadı.

Jınayat hám onıń aqıbetlerin azaytıw ushın bir qatar ilajlar ámelge asırılıwı kerek:

1) Bilimlendiriw hám tárbiya: Bilimlendiriw arqalı jámiyette jınayatshılıqqa qarsı gúresiw boyınsha sanalı qatnastı rawajlandırıw zárúr. Adamlarǵa nızamlardı húrmet etiw, ádep-ikramlılıq normalarına ámel etiw hám óz huqıqların biliw áhmiyetli.

2) Ekonomikalıq rawajlanıw: Ekonomikalıq abadanlıqtı arttırıw, jumıssızlıqtı azaytıw hám jámiyette teńlikti támiyinlew jınayatlardıń aldın alıwda áhmiyetli faktorlardan biri bolıp

esaplanadı. Ekonomikalıq imkaniyatlardı keńeytiw arqalı adamlardı jınayat islewden saqlaw múmkin.

3) Jınayatshılıqqa qarsı góresiwde nızam hám tártip: Jınayatlardı azaytıw ushın nátiyjeli hám ádil huqıqıy sistema zárúr. Nızamlardı ámelge asırıw, jınayatshılardı jazalaw hám jámiyette qáwipsizlikti támiyinlew jınayatlardıń aldın alıwda áhmiyetli rol oynaydı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш. Мирзиёевнинг Бирлашган Миллатлар Ташкилоти Бош Ассамблеясининг 72-сессиясидаги нутки (Нью- Иорк шахри, 2017 йил 19 сентябрь)/ «Халқ сўзи» газетаси, 2017 гпыл 20 сентябрь, №189 (6883)
2. Ózbekstan Respublikasi Konstituciyası 01.05.2023
3. Узбекистон Республикаси Жиноят Кодекси – Т.: «Yuridik adabiyotlar publish», 2024 й. – 584 б.
4. Jinoyat huquqi (umumiy qism). Yuridik texnikum o'quvchilari uchun darslik. - T: TDYU nashriyoti, 2021-304 b.
5. Очилов Х.Р., Хайдаров Ш.Д., Шамсидинов 3.3. "Жиноят ҳуқуқи" (Умумий қисм). Ўқув қўлланма - Т.: ТДЮУ нашриёти, 2021. 172 бет
6. **Beccaria, C. (1764).** *On Crimes and Punishments*. Translated by Henry Paolucci. New York: The Macmillan Company.
7. **Cohen, S. (1985).** *Visions of Social Control: Crime and Order in Contemporary Society*. Cambridge: Polity Press.